



Kisa k ap pase nan lekòl leta Vil Nouyòk

اعرض هذه الوثيقة باللغة العربية

এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন

查看本文件的中文版

Consultez ce document en français

Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen

이 문서를 한국어로 보기

Consulte este documento en español

یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں

Перевод документа на русский язык

schools.nyc.gov/MessagesForFamilies

28 Oktòb 2024

Mizajou sa a bay enfòmasyon enpòtan konsènan Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS), ki gen ladan dat enpòtan k ap vini nan kalandriye ane lekòl 2024–25 lan, dat limit admisyon, planifikasyon pou aprantisaj adistans, kondisyon pou vaksen eta Nouyòk, ak detay sou kote ou ka jwenn nouvèl ki pi resan yo konsènan NYCPS.

Kontni

- **Dat enpòtan k ap vini**
- **Admisyon 2025 nan lekòl segondè**
- **Admisyon 2025 nan lekòl presegondè**
- **Konferans paran-pwofesè (PTC) an novanm**
- **Preparasyon pou aprantisaj adistans**
- **Rete ajou avèk vaksen pou pitit ou a**
- **Èske w cheke bilten The Morning Bell la?**

Dat enpòtan k ap vini

- **1ye novanm:** Diwali, lekòl fèmen
- **5 novanm:** Jounen eleksyon, pa gen lekòl pou elèv NYCPS
- **7 novanm:** Konferans paran-pwofesè nan apremidi ak aswè pou lekòl primè*
- **11 novanm:** Veterans Day, pa gen lekòl
- **14 novanm:** Konferans paran-pwofesè nan apremidi ak nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75*
- **21 novanm:** Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, lekòl K–12, ak 6–12
- **22 novanm:** Konferans paran-pwofesè nan apremidi pou lekòl segondè, lekòl K–12, ak 6yèm–12yèm ane
- **28–29 novanm:** Vakans Thanksgiving, pa gen lekòl
- **24 desanm–1ye janvye:** Vakans Ivè, pa gen lekòl

* Y ap ranwaye elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè

Admisyon 2025 nan lekòl segondè

Èske w ap planifye pou w enskri nan youn nan plis pase 700 pwogram lekòl segondè leta Vil Nouyòk nan sezon otòn 2025 lan? Apati **1ye oktòb**, elèv ki nan klas 8yèm ane kounye ak elèv k ap fè 9yèm ane pou premye fwa ka **patisipe nan pwosesis aplikasyon lekòl segondè** NYCPS pou ane sa a.

Ane sa a, MySchools ([myschools.nyc](https://myschools.nyc.gov)) ofri yon nouvo karakteristik pou ede aplikan konprann chans yo genyen pou yo resevwa yon òf nan yon pwogram patikilye (schools.nyc.gov/OfferChances). Anplis, **elèv ka mete nenpòt kantite chwa pwogram sou lis nan aplikasyon yo**, ki vin pi plis pase limit avan an ki te 12.

Peryòd aplikasyon lekòl segondè pou otòn 2025 **ap fèmen 4 desanm**. Gen plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/HS.

Admisyon 2025 nan lekòl presegondè

Apati **15 oktòb**, elèv ki nan klas 5yèm ane kounye (oswa 6yèm ane, pou elèv ki nan lekòl primè K–6), ka patisipe nan admisyon lekòl presegondè pou otòn 2025.

Nouvo ane sa a, fanmi kapab kounye a mete sou lis NENPÒT lekòl presegondè leta Vil la nan aplikasyon yo. Pandan lekòl ki bay priyorite pou yon zòn ak lekòl ki bay priyorite pou distri yo pral kontinye bay priyorite pou elèv ki pou zòn yo ak/oswa ki abite nan distri yo, kounye a yo pral konsidere aplikan ki soti nan lòt zòn/distri pou rès plas yo.

Delè pou voye aplikasyon lekòl presegondè pou otòn 2025 lan se **vandredi 20 desanm**. Gen plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/MS.

Konferans paran-pwofesè novanm 2024

Ane sa a, dezyèm tou konferans paran-pwofesè ap kòmanse **jedi 7 novanm**. Pale ak pwofesè pitit ou a pou w planifye lè konferans ou yo. Ale sou paj konferans paran-pwofesè a (schools.nyc.gov/ptc) pou konsèy anplis.

Preparasyon pou aprantisaj adistans

Nan ka kote bilding NYCPS dwe fèmen akòz move tan, y ap atann pou tout elèv K-12 patisipe nan klas yo pandan yo lakay yo. Tanpri asire pitit ou a gen yon aparèy ki travay, ki ka konekte sou entènèt lakay li—prepare lè w kontakte lekòl ou a dirèkteman kounye a si pitit ou a bezwen yon aparèy prete nan men NYCPS; pa tann se lè bilding lan fèmen. Ou ka jwenn konsèy sou fason pou kòmanse itilize iPad oswa laptop yo prete w la nan schools.nyc.gov/NYCPSdevices.

Pou patisipe nan aprantisaj adistans, elèv ap bezwen konekte nan Kont elèv NYCPS yo (schools.nyc.gov/StudentAccounts). Si w pa konnen non itilizatè ak modpas pitit ou a, tanpri ale sou [selfservice.schools.nyc](https://selfservice.schools.nyc.gov) oswa mande lekòl ou a pou ede w. Pou enfòmasyon sou aplikasyon yo ak platfòm nou itilize yo, tanpri ale sou schools.nyc.gov/DigitalLearning.

Rete ajou avèk vaksen pou pitit ou a

Tout elèv NYCPS, soti nan pwogram tibebe ak timoun piti jiska klas 12yèm ane, dwe satisfè ni kondisyon eta ni kondisyon vil la konsènan vaksen pou yo ka ale lekòl. Gade kondisyon pou elèv ki nan nivo klas pitit ou a nan schools.nyc.gov/immunization.

Sonje byen: yon anviwònman lekòl ki an sante bay tout elèv pi bon opòtinite pou aprann, epi vaksen pami zouti ki pi efikas nou genyen pou pwoteje timoun nou yo kont maladi ki ka fè yo malad. Pale avèk founisè sante pitit ou a pou aprann plis, oswa jwenn yon founisè sante ki adapte avèk bezwen fanmi ou nan pndlookup.health.ny.gov.

Èske w cheke bilten The Morning Bell la?

Èske w te konnen ou ka jwenn tout nouvèl ak resous ki pi resan Vil Nouyòk ki itil pou fanmi sou entènèt nan bilten The Morning Bell? Pa rate opòtinite—make nou kòm favori nan schools.nyc.gov/MorningBell.